

AVI ANYÈL KONSÈNAN ENSTALASYON KOUVERTI BOUTON RECHO OSWA BOUTON SEKIRITE PÈMANAN POU RECHO AK MEKANIS VEWOUYAJ ENTEGRE

Pwopriyetè biling sa a oblige, dapre Kòd Administratif §27-2046.4(a), pou 1 bay lokatè yo kouvèti bouton recho oswa bouton sekirite pèmanan ak mekanis vewouyaj entegre pou chak bouton ki chita sou devan chak recho ki mache ak gaz. inite lojman kote pwopriyetè a konnen oswa rezonab ki ta dwe konnen yon timoun ki poko gen sisan abite lè lokatè a mande pou 1 fè sa alekri, sof si pa gen okenn kouvèti bouton recho ki disponib oswa bouton sekirite pèmanan pou recho ak mekanis vewouyaj entegre ki konpatib ak bouton yo sou recho a. Lokatè yo kapab mande kouvèti bouton recho oswa bouton recho avèk sekirite pèmanan ki gen mekanis lòk ladan li, lè yo tcheke ti kare ki apwopriye a nan fòm sa a. Mete sou sa, lokatè yo kapab mande kouvèti bouton recho oswa bouton recho avèk sekirite pèmanan ki gen mekanis lòk ladan li menmsi yo pa gen timoun ki gen mwens pase sisan (6) ki ap viv avèk yo, lè yo tcheke ti kare ki apwopriye a nan fòm sa a. Pwopriyetè a dwe mete kouvèti bouton recho yo disponib nan yon delè 30 jou apre lèt lokatè a te ekri pou fè demann lan. Si lokatè a pa fè pwopriyetè a konnen, alekri, ke lokatè a mande kouvèti bouton recho a, pwopriyetè a p ap mete kouvèti bouton recho a disponib pou lokatè a. Epitou, tanpri note sa, se sèlman de (2) fwa sou yon peryòd ennan, pwopriyetè a gen obligasyon pou li bay ranplasman kouvèti bouton recho oswa bouton recho avèk sekirite pèmanan ki gen mekanis lòk ladan yo. Ou kapab mande kouvèti bouton recho oswa bouton recho avèk sekirite pèmanan ki gen mekanis lòk ladan li lè ou tcheke ti kare ki apwopriye a nan fòm ki pi ba a, epi lè ou voye li tounen bay pwopriyetè a nan adrès li bay la.

Tanpri ranpli fòm sa a lè ou tcheke ti kare ki apwopriye a, mete enfòmasyon yo mande yo, epi siyen li. Tanpri voye fòm nan tounen bay pwopriyetè a nan adrès yo bay la nan dat (METE DAT LA):

- Wi, mwen vle kouvèti bouton recho oswa kouvèti bouton recho ranplasman pou recho mwen an.
- Wi, mwen vle bouton sekirite pèmanan pou recho ak mekanis vewouyaj entegre pou recho mwen an.

Gen yon timoun ki gen mwens pase sisan ki abite nan apatman mwen an.

- WI
- NON

Ekri Non, Adrès ak Nimewo Apatman an ak Lèt Detache:

Tanpri voye fòm sa a retounen nan: (Adrès pwopriyetè): _____